



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

VIL BOSTON GENYEN 4 ETWAL DEZIYASYON SÈTIFYE AKEYAN

Premye vil nan Massachusetts ki Sètifye Akeyan.

BOSTON - Lendi, 17 out 2026 - Majistra Michelle Wu, Biwo Lameri pou Pwomosyon Imigran (MOIA) AK Welcoming America te anonse Vil Boston te genyen 4 etawal deziyasyon [Sètifye Akeyan](#) nan men [Welcoming America](#), pou rekonèt Boston tankou yon lidè nasyonal nan kreyasyon politik, pwogram, ak pratik pou sipòte enklizyon ak apatenans imigran.

Majistra Michelle Wu te di "Boston te toujou yon vil moun ki soti tout kote nan mond lan vini ladan pou bati yon pi bon avni pou tèt yo, fanmi yo, ak kominote yo bay fòm." "Nou fyè dèske nou genyen deziyasyon istorik sa a ki rekonèt pwogrè ak travay k ap kontinye fèt atravè vil nou an pou fè Boston tounen lakay tout moun. Mwen rekonesan pou Biwo pou Pwomosyon Imigran nou an, patnè kominotè nou yo, ak lidè katye ak lidè kiltirèl nou yo dèske yo ede nou atenn etap enpòtan sa a pandan n ap kontinye pouse pou pi devan."

Atravè pwosesis Sètifye Akeyan li a, Boston te ranpli kondisyon atravè tout sèt domèn [Estanda Akèy](#) yo, itinerè Welcoming America pou bati kominote enklizif: lidèchip gouvènman ak kominotè, aksè ekitab, angajman sivik, kominote konekte, edikasyon, devlopman ekonomik, ak sekirite kominotè.

Rekonesans sa a bati sou efò MOIA k ap kontinye atravè inisyativ Vil Apatenans li an "You Belong Here" (Ou Se Moun La a) yon kanpay ki fèt nan tout vil la k ap ankouraje chak rezidan santi yo akeyi yo, valorize, ak otonòm pou yo kontribye nan avni Boston. Deziyasyon an reflekte plis pase yon angajman senbolik — Boston te konstwi sistèm yo, pwogram yo, ak patenarya k ap ede nan menm fason an rezidan ki la lontan ak moun ki fèk vini pou yo patisipe ak pwospere.

Atravè selebrasyon anyèl [Semèn Akèy](#) la an septanm, MOIA ap kontinye tou ak efò sansibilizasyon li yo pou enfòmè rezidan yo epi pataje resous, yon fason pou chak vwazen enspire pou sipòte akèy nan katye yo.

Responsab Egalite ak Enklizyon an, Mariangely Solis te di "fòs Boston soti nan moun ki rele vil la lakay yo, ki genyen ladann vwazen imigran ki te kontribye nan tout pati lavi sivik, kiltirèl, ak ekonomik nou." "Deziyasyon sa a reflekte angajman n ap kontinye pran pou kreye yon vil kote aksè lang, opòtinite ekonomik, ak apatenans makonnen nan fason nou sèvi rezidan nou yo."



Nan kad pwosesis sètifikasyon an, MOIA te dirije yon revizyon konplè sou politik, pwogram ak pratik ki gen rapò ak enklizyon imigran nan Vil la. Pwosesis sa a te mete aksan sou envestisman Boston nan aksè lang, devlopman lidèchip imigran, sèvis jiridik, devlopman mendèv, angajman kominotè, ak patenarya ak òganizasyon k ap sèvi rezidan imigran.

Courtney White, Direktè Egzekitif Enterimè Biwo Lameri pou Pwomosyon Imigran (MOIA) te di "Atenn nivo 4 etwal Sètifye Akeyan sa a se rezilta yon efò kolaboratif atravè gouvènman Vil ak kominote imigran ki te pataje eksperyans, priorite ak vizyon pou avni Boston." "Rekonesans sa a selebre pwogrès nou te fè pandan tou n ap ranfòse angajman nou pou kontinye bati yon vil kote chak rezidan imigran kapab jwenn aksè ak resous, patisipe totalman, epi santi yon vrè santiman apatenans."

Kominote imigran Boston an reprezante divèsite, rezilyans, ak inovasyon ki rann vil la pi fò. Atravè pwogram ak inisyativ ki genyen ladann pwogram lidèchip imigran, sibvansyon kominotè, patenarya sèvis jiridik, sipò sitwayènte, ak efò angajman kominotè, MOIA ap travay pou fè ekite avanse epi etann opòtinite pou rezidan imigran yo.

Daniel Valdez, Direktè Adjwen Welcoming America te di "Travay Boston dèyè deziyasyon sa a, atravè gouvènman vil la, òganizasyon kominotè, ak rezidan imigran ki ba li fòm, se sa akèy sanble nan pratik." "Li fè sans pou sa rive nan 250yèm ane Etazini, la a nan plas nesans Revolisyon Ameriken an. "Nou fyè pou nou rekonèt Boston antanke premye kominote Sètifye Akeyan nan Massachusetts epi nou eksite pou nou wè sa k ap vini apre sa."

4 etwal dezinyasyon Sètifye Akeyan nan men Welcoming America a vin ajoute sou yon lis rekonesans ak etap enpòtan k ap ogmante k ap reflekte kijan Boston se lakay tout moun. Pami akonplisman sa yo, efò MOIA genyen ladann:

- Ogmantasyon aksè ak sèvis jiridik migrasyon gras ak sipò òganizasyon kominotè fyab k ap ofri asistans legal gratis oubyen ki pa koute chè.
- Pwogram Sipò Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) k ap ede rezidan imigran bati konpetans lang, pouswiv opòtinite edikasyon, ak ranfòse mobilite ekonomik.
- Lanse ak ogmante Imigran Dirije Boston (ILB), yon pwogram lidèchip ki te fòme rezidan imigran atravè katye Boston yo pou tounen lidè kominotè.



City of Boston
Mayor Michelle Wu
Mayor's Office for Immigrant Advancement

- Kreye opòtinite pou jèn imigran yo atravè pwogram Avansman Jèn Imigran, ki konekte jèn rezidan yo ak eksplorasyon karyè, mentora, devlopman lidèchip, opòtinite mendèv.
- Ranfòse angajman kominotè atravè inisyativ tankou Lè Biwo Kominotè, kote MOIA pote resous Vil la dirèkteman nan katye yo nan sikisal Bibliyotèk Piblik Boston.
- Avansman efò aksè lang Vil la pou ede rezidan yo jwenn aksè ak sèvis gouvènman, enfòmasyon, ak resous kèlkeswa lang yo pale.

Soti 10 rive 19 septanm, Semèn Akèy nan Boston pral genyen ladann atizay, sante, edikasyon, ak pwogram ekonomik, ansanm ak evènman vityèl ak an pèsòn pou fè plis pwomosyon pou Sèvis Vil la ak sèt domèn Estanda Akèy yo. Pou kapab wè evènman ki pwograme yo, vizite: www.boston.gov/welcoming.

###

Konsènan Biwo Lameri pou Pwomosyon Imigran (MOIA)

Biwo Lameri pou Pwomosyon Imigran (MOIA) an fè gwo efò pou ranfòse kapasite imigran yo pou patisipe nan fason total ak ekitab nan lavi ekonomik, sivik, sosyal ak kiltirèl Boston. MOIA ankouraje tou rekonesans ak konpreyansyon piblik kontribisyon imigran yo nan Vil la. Pou aprann plis, vizite: boston.gov/immigrants.

Konsènan Welcoming America

Welcoming America se yon òganizasyon san pwofi, net, k ap mennen yon mouvman kominote enklizif pou kominote yo vin pi pwospè epi asire ke tout moun gen santiman apatenans. Nou kwè ke tout moun, imigran yo ladann tout, se kontribitè valab epi yo vital nan siksè kominote nou yo ansanm ak avni pataje li. Pou aprann plis, vizite: welcomingamerica.org.

Konsènan Sètifye Akeyan

Sètifye Akeyan se yon deziyasyon fòmèl pou gouvènman lokal ki te kreye politik ak pwogram k ap reflekte valè ak angajman yo pou enklizyon imigran. Pwogram inovasyon sa a evalye gouvènman lokal yo sou efò yo pou enkli ak akeyi imigran nan tout domèn lavi sivik, sosyal, ak ekonomik nan kominote yo. Avèk yon deziyasyon Sètifye Akeyan, kominote yo distenge efò lokal yo, bati yon avantaj konpetitif, epi jwenn aksè ak opòtinite pou pataje pratik akèy yo nan nivo rejyonal, nasyonal ak mondyal. Pou aprann plis, vizite: certifiedwelcoming.org.